STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 17 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $10.9 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU PWOGRAM APRE LEKÓL NAN TOUT ETA**

***Finansman pou benefisye 8,000 timoun ki gen laj lekòl nan 68 Pwogram Avantaj Apre-Lekòl***

***Timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram apre lekòl travay pi byen nan lekòl, evite konpòtman ki riske ak danjere***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse $10.9 milyon nan nouvo sibvansyon pou 68 pwogram Avantaj Apre-lekòl Avantaj [Advantage After School Programs (AASP)] yo nan tout eta New York, bay plizyè milye timoun ki gen laj lekòl avèk bon jan kalite opòtinite devlopman jèn pou twazèdtan nan fen jounen lekòl la. Pwogram nan tout eta redwi chaj sou paran ak gadyen yo kap travay nan apremidi e li pwouve ke li ranfòse reyisit akademik, anrichi relasyon avèk kanmarad yo ak ogmante prezans lekòl.

“Nan finanse pwogram apre lekòl sa yo, nap asire ke timoun yo nan kominote yo toupatou nan Eta gen aksè a opòtinite ansèyman ak ekspozisyon kiltirèl ki pral plis ranfòse devlopman akademik yo pou ane kap vini yo,”Gouvènè Cuomo te deklare. “Administrasyon nou an ap konsantre pou bay anviwonman ansèyman eksepsyonèl a elèv yo, soti nan matènèl jiska kolèj, ak sipòte egzèsis ki pwouve pou amelyore eksperyans ansèyman yo se bon bagay ki pou fèt. Pwogram Apre lekòl yo jwe yon wòl nan anrichi lavi timoun yo, e finasman sa a pwogram Avantaj Apre Lekòl la se yon envestisman entelijan pou avni New York.”

AASP yo ofri yon laj varyete aktivite edikasyonèl, rekreyasyon, kiltirèl, ak laj apwopriye ki entegre sa ki pase nan jounen lekòl la. Pwogram lan fonksyone senk jou pa semèn pandan ane lekòl regilye a, e li kapab fonsyone tou pandan peryòd vakans lekòl oswa nan lè pwolonje a nan kòmansman aswè. AASP yo sipòte pa lekòl, kominote, ak patenarya piblik-prive, e li enplike jèn ak fanmi yo nan planifikasyon ak enplemantasyon. Anplis, pwogram yo entegre leson ki te anseye yo pandan tout jounen lekòl la avèk mwens eksperyans ansèyman fòmèl, e ankouraje patisipasyon aktif timoun yo, jèn ak fanmi yo nan konsepsyon ak livrezon pwogram aktivite yo.

Kontra yo, ki te adminsitre pa Sèvis Timoun ak Fanmi Biwo Eta New York [New York State Office of

Children and Family Services (OCFS)], yo pwograme pou kòmanse nan mwa Septanm.

Komisyonè pa entèrim OCFS Sheila J. Poole te deklare, “Envesti nan timoun atravè pwogram ki baze nan kominote a tankou Advantage After School enpòtan pou devlopman kontinite sosyal yo, emosyonèl ak akademik. Finansman kontinyèl sa demontre angajman Gouvènè Cuomo a paran kap travay nan New York ak enpòtans pou bay opòtinite siyifikatif pou elèv yo nan tout eta.”

Depite Nita Lowey te deklare, “Pwogram Apre Lekòl ofri timoun yo yon anviwonman stimilan pou aprann ak grandi, men li bay tou a fanmi kap travay yo lapè despri paske timoun yo ansekirite nan yon anviwonman ki san danje, stab pandan ke paran yo ap fini jounen travay yo. Antanke manm ki pi ansyen nan Komite Afektasyon Chanm lan, pwomotè premye pwogram federal apre lekòl, ak ko-prezidan Kokis Kongrè Apre Lekòl, mwen te fè l yon priyorite pou asire finansman federal solid pou pwogram apre lekòl yo, TANF, ak lòt pwogram enpòtan yo tankou Head Start ak Early Head Start. Sa a se yon envestisman entelijan, e mwen pral kontinye batay pou envestisman enpòtan sa yo nan New York ak nan Lower Hudson Valley.”

AASP la te kreye pou ede bay timoun New York yo aktivite edikasyon amizan ak enteresan pou ranpli eka twazèdtan enpòtan dirèkteman apre lekòl. Yon kantite etid kwasan montre ke timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram apre lekòl gen prezans ak reyisit akademik lekòl ki pi elve, e yo gen mwens chans pou patisipe nan konpòtman ki riske apre lè lekòl. Anplis, etid yo te montre ke timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram apre lekòl gen pi bon relasyon avèk kanmarad yo, mwens pwoblèm konpòtman ak emosyonèl, pi bon nòt ak mwens absans nan lekòl pase kanmarad yo ki pa gen sipèvizyon apre lekòl.

AASP yo finanse prensipalman atravè fon eta ak yon kontribisyon Asistans Tanporè Federal a Fanmi ki nan bezwen yo (TANF) fon. Finansman yo te akòde apre yon pwosesis konkirans demann pwopozisyon avèk alokasyon rejyonal ki baze sou kantite timoun ki gen laj senk jiska 17 ane ki abite nan chak rejyon OCFS deziyen ak nan senk awondisman yo nan vil New York daprè resansman 2010 la.

Nan kantite total pwogram sibvansyon ki te akòde, OCFS ap finanse 16 pwogram ki te deziyen kòm lekòl kominotè NYS ak/oswa aplikan yo te lokalize nan kominote, Opòtinite, Re-envestisman (CORe) katye yo. Gouvènè Cuomo te lanse jodi a inisyativ 2013 NYS Community Schools, yon pwogram nan tout eta kap transfòme lekòl yo ki nan kominote ki an detrès yo pou tounen sant ki ofri plizyè kalte sèvis soutyen pou timoun ak fanmi yo tankou swen sante, konsèy, nitrisyon ak preparasyon pou dyòb. Li te pwopoze inisyativ CORe pou pi byen aliyen sipò Eta avèk bezwen lokal yo pandan lap sipòte efò ki gen siksè ki baze sou kominotè, pèmèt Eta pou pi byen atribye resous yo pou fè pwogrè mezirab ak dirab nan amelyore kominote ki gen gwo bezwen yo.

**Bousye 2014 yo se sa ki annaprè yo:**

| Non Óganizasyon | Konte | Kantite Lajan ki te Akòde |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| Booker T. Washington Community Center | Cayuga | $171,875 |
| Booker T. Washington Community Center | Cayuga | $171,875 |
| Boys & Girls Club of Newburgh | Orange | $144,375 |
| Boys & Girls Clubs of Buffalo | Erie | $200,305 |
| Bronx House, Inc. | Bronx | $110,000 |
| CAMBA, Inc. | Kings | $115,104 |
| Catholic Charities of the Diocese of Albany | Rensselaer | $110,000 |
| Chautauqua Opportunities, Inc. | Chautauqua | $158,125 |
| Child Center of NY, Inc. | Queens | $56,733 |
| Children's Aid Society | Bronx | $199,530 |
| Children's Aid Society | Richmond | $137,500 |
| Circulo De la Hispanidad | Nassau | $178,350 |
| Community Improvement Council, Inc. | Rockland | $195,000 |
| Community Place of Greater Rochester | Monroe | $55,000 |
| Cornell Cooperative Extension of Jefferson County | Jefferson | $103,125 |
| Economic Opportunity Council of Suffolk, Inc. | Suffolk | $219,832 |
| Economic Opportunity Council of Suffolk, Inc. | Suffolk | $216,435 |
| Family Residences and Essential Enterprises | Suffolk | $143,708 |
| Family Service Society, Inc. | Steuben | $103,125 |
| Family Service, Inc. | Dutchess | $158,125 |
| Family Services of Westchester, Inc. | Westchester | $144,375 |
| Family YMCA of Tarrytown | Westchester | $68,714 |

Haitian Creole

| | | |
|---|---|---|
| Footings,Inc. | Sullivan | $136,843 |
| Gateway Youth Outreach | Nassau | $219,770 |
| Good Shepherd Services | Kings | $220,000 |
| Good Shepherd Services | Kings | $220,000 |
| Harlem-Dowling West Side Ctr. Chn | New York | $182,489 |
| Hispanic Brotherhood of Rockville Center, Inc. | Nassau | $55,000 |
| Jacob A. Riis Neighborhood Settlement | Queens | $165,000 |
| Jewish Community Council of Greater Coney Island, Inc. | Queens | $66,997 |
| Little Flower Children and Family Services of New York | Suffolk | $86,895 |
| Maspeth Town Hall, Inc. | Queens | $110,000 |
| Maspeth Town Hall, Inc. | Queens | $137,500 |
| Mental Health Association of Columbia and Greene Counties | Columbia | $206,081 |
| Mental Health Association of Columbia and Greene Counties | Greene | $101,685 |
| Mental Health Association of Fulton & Montgomery Counties, Inc. | Fulton | $220,000 |
| Mental Health Association of Fulton & Montgomery Counties, Inc. | Montgomery | $133,419 |
| NIA Community Services Network | Kings | $220,000 |
| NIA Community Services Network | Queens | $220,000 |
| Oswego County Opportunities, Inc. | Oswego | $220,000 |
| Parsons Child & Family Center | Albany | $61,875 |
| Partnership for Results, Inc. | Cayuga | $220,000 |
| People and Possibilities | Niagara | $220,000 |

Haitian Creole

| | | |
|---|---|---|
| Police Athletic League, Inc. | New York | $171,875 |
| Police Athletic League, Inc. | Richmond | $123,750 |
| Project Most | Suffolk | $137,500 |
| Ridgewood Bushwick Senior Citizens Council, Inc. | Kings | $206,250 |
| Riverdale Community Center | Bronx | $171,875 |
| Rochester Area Community Foundation Initiatives, Inc. | Monroe | $220,000 |
| SCAN-NY Volunteer Parent Aides Assoc. | Bronx | $220,000 |
| SCO Family of Services | Kings | $220,000 |
| Sports & Arts in Schools Foundation | New York | $220,000 |
| Sports & Arts in Schools Foundation | Queens | $171,875 |
| St. Nicks Alliance Corporation | Kings | $137,500 |
| The Childrens Village | Westchester | $165,000 |
| The Friends of Addison Youth Center | Steuben | $92,125 |
| The Salvation Army | Kings | $192,500 |
| Utica Safe Schools Healthy Students Partnership, Inc. | Oneida | $145,784 |
| Wayne County Action Program | Wayne | $126,041 |
| Wayne County Action Program | Wayne | $151,250 |
| Wellcore, Inc. | Rockland | $175,753 |
| West Islip Youth Enrichment Services, Inc. | Suffolk | $220,000 |
| West Islip Youth Enrichment Services, Inc. | Suffolk | $220,000 |
| Westchester Jewish Community Services | Westchester | $171,875 |
| YMCA Greater NY-Ridgewood Branch | Queens | $198,000 |

Haitian Creole

| | | |
|---|---|---|
| YMCA of Jamestown, New York | Chautauqua | $107,102 |
| YMCA of Olean | Cattaraugus | $192,500 |
| Young Athletes, Inc. | Bronx | $165,000 |
| **TOTAL** | | **$10,908,320** |

**Enfòmasyon sou OCFS**

OCFS, sèvi New York nan pwomote sekirite, pèmanansm ak byennèt timoun, fanmi ak kominote yo, e li reglemante plis pase 21,000 founisè swen timoun avèk yon kapasite pou plis pase 708,000 timoun. Pou plis enfòmayon, vizite ocfs.ny.gov, "tankou" the New York State Office of Children and Family Services paj acebook , oswa swiv @NYSOCFS nan Twitter. OCFS egalmankenbe yon kont Twitter nan lang Panyòl, @NYSOCFS_espanol.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418


**************************************

WE WORK FOR THE PEOPLE

PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE